

**Vaksen yo
se pi bon defans
nou kont maladi
grav yo.**



**Depi 1994, vaksinasyon
woutin nan timoun anpeche
plis pase 508 milyon maladi,
32 milyon entènè lopital, ak
1 milyon lanmò Ozetazini.**

Èske w te konnen?

- Vaksinasyon woutin pwoteje timoun yo kont **15 maladi grav** anvan laj 2 an.
- Laj rekòmande a, dòz yo ak orè administrasyon pou chak vaksen yo baze sou plizyè **ane rechèch**.
- Timoun piti yo patikilyèman vilnerab a maladi, **menm si yo an sante otreman**. Vaksinasyon woutin ba yo pwoteksyon lè yo pi bezwen li.
- Pifò efè segondè yo, tankou doulè nan bra, lafyèv lejè, ak iritabilite, se tanporè epi yo vle di **vaksen an ap mache**.
- Vaksen yo patikilyèman enpòtan nan Nouyòk, kote plis pase **8 milyon** moun ap viv pre youn ak lòt epi plizyè milyon lòt vizite vil la chak ane.
- Pifò timoun nan Nouyòk ka pran vaksen an **gratis**. **Li nòmal pou ou gen kesyon sou vaksen yo**. Pale ak doktè pitit ou a pou jwenn repons ou bezwen yo.

Poze Kesyon Jwenn Repons Pran Vaksinasyon

Ale sou nyc.gov/AskQuestions oubyen eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon ak lòt resous ou ka fè konfyans.

